Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 41 (7545)
20 октябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Рагъулал хIажалъабазе: С. Меликовасул лъазаби

## «Квал – квалал хIехьезе гьечIо»



Дагъистаналда чанго предприятиялъ жидерго производство рекъезабуна рагъулал ишазе къайи – цIа хIадуриялъе. Власталъ ргIи кьун буго гьезие кумек - кверчIвай гьабизе. Гьелъул хIакъалъулъ лъазабуна РДялъул бетIер С. Меликовас. Гьединабго калам лъун буго гьес жиндирго телеграмм каналалда. «Жакъа предприятияз рукIалида ккезабуна цIияб продукция биччаялъул иш, ай фронталъе хIажатаб къайи къватIибе биччай буго аслияб мурад. Гьеб ишалда дагъистаниял хIалтIулел руго намус бацIадго. Гьез къватIибе биччазе буго рагъулаб заманаялда санагIатал хьитал яги жанир кьижулел мешкал, гьел гьабсагIаталда спецоперация унел бакIазда кутакалда хIажатги руго».

Хадубги гьес лъазабулеб буго Дагъистаналъул тIадагьаб промышленносталъ къватIибе биччалеб къавуде кутакалда интерес бугин Россиялъул бокIназда, гьеб босизе хивал букIин загьир гьабулеб буго гIемерисез.

Дагъистаналъул БетIерас ргIи кьуна улкаялъул рагъулал къуват борхизабиялъе республикаялда кинабго гьабизе бугин, амма рекIкIен гIемерал хал гьарияв гIуцIун, хIалтIуе квал – квалал гьари гьукъизе бугин.

«Цо – цо намус гьечIел чиновниказ гьединал производствазда хадур хал гьарияв гIуцIун, хIалтIуе квал – квалал гьарула. Гьедин жидеего пайда щвезе хIал бихьани, битIухъе абулеб буго, гьезие лъикI ккезе гьечIо. Гьаб хIалтIи гьабулеб буго улкаялъул рагъулаб къуват борхиялъе – цIикIиналъе. Дун бизнесалда данде вугев чи гуро, амма ВатIан цIуниялъул ишалъулъ хIалтIи нахъе ккезаби хIехьезе гьечIо» - ян лъазабуна С. Меликовас.



ДандчIвай

## Кураторазул кIвар буссинабуна



Гьал къоязда росабалъ бугеб хIал тIаде кколел кураторалдасан, хасго мобилизациялда хурхун хIалтIулездаса цIикIараб жавабчилъи тIалаб гьабуна муниципалитеталъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас. АхIана гьеб суалалъухъ букIине кколеб жаваб-чилъиялда ва кIвар буголъиялда балагьизе. ТIадчIей гьабуна щивав призывникасулгун гьабулеб хIалтIи лъикIлъизабизе.

Частичнияб мобилизациялда хурхун жакъа къоялда бугеб хIалалъул бицун кIалъана рагъулав комиссар М. Гъапуров. Гьенибго нахъеги бетIерас тIадчIей гьабуна рагъухъабазул хъизаназе материалиябги психологиябги кумек гьабизе кколин.

Предложение кьуна «Кинабго фронталъе, кинабго Бергьенлъиялъе гIоло»,- абураб ахIигун кумекал гьаризе. Кумек бакIариялъе вихьизабуна жавабияв чиги.

Мобилизация

## ГIолилав нухда тIовитIана



15 октябралда ВатIаналъе хъулухъ гьабизе тIовитIана Рихьуни росулъа МухIамадов АхIмад МухIамадкамилович. Гьев тIовитIиялда гIахьал-лъана рагъулав комиссар М. Гъапуров, районалъул администрациялъул бетIе-расул зам. М. ХIамзатов ва гIага – божарал. Киназго абуна гьесие нух битIиялъул ргIаби, гьарана хехго, сах – саламатго тIад вуссин вижараб ракьалде.

Редакциялъул рахъалдасан: Нух битIаги, дуе АхIмад МухIамадкамилович. Дунялалда дандчIвалел щинал балагьаздаса цIунаги мун!

## Волонтёралгун дандчIвана

Гьал къоязда бетIер ГI. НурмухIамадовас лъай – хъвай гьабуна гьаб сагIаталда районалда хIалтIулеб бугеб жидеего бокьун кумекал гьарулел добровольцалгун.

Жиндирго иргаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна мобилизовать гьарун унезул хъизаназе кинабго рахъалъ кумек гьабилиан: «Рагъ – къалалда гIахьаллъулев щивасе кIудияб кIвар букIуна жиндирго рокъоб гIодобе биччараб хIал букIиналъул. Нилъерги киназулго аслияб масъала ккола хIажатабщиналдалъун гьезул хъизанал хьезари», - ян бихьизабуна бетIерас.



**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 41 (7545)
Хамиз
20 октябрь 2022 сон



**БутIрузулгун дандчIвай**

Гьал къоязда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Балахьуни ва ГIашилтIа росабазул бутIрулгун. Аслияб суал букIана частичнияб мобилизациялда хурхун. БутIрузухъе кьуна росабалъа щибав хъулухъ гьабизе витIизе бегьулеб заманалда ругезул баянал.

Гьезие мобилизациялда хурхун гьарулел ругел хIалтIабазул бицана районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуровасги.

---

В.В. Путинил курсалъул рахъ ккведалъе

# Къуватаб Россиялъе гIоло - рахъ ккола




13 октябралда Россиялъул федерациялъул Президент В. В. Путинил Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул рахъ ккведлде буссараб митинг тIобитIана районалъул администрациялда цебе бугеб майданалда. Гьеб рагъулаго Россиялъул гимналда гъорк районалъул культураялъул отделалъул нухмалъулев ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна: «Микьго соналъ подвалахъе рахъун жидерго гIумроги цIунун, хIехьана Украиналъул халкъалъ НАТОялъ, бищунго цIакъ США ялъ гIадатияб халкъалъе гIазаб кьолел ишал. Гьединго жидерго гIумро цIунизе кIвечIого гIассизабазул квердасан хвана I4 азаргоялдаса цIикIун чи. Гьезул хобал руго Донбассалда, Донецкиялда, Мариуполалда, киса – кирего гIурус халкъалъ гIумро гьабун букIарал бакIазда. Ахирги гьез гьари бана Россиялде, В. В. Путиниде; жал гIазаб – зулмуялдаса хвасар гьареян. Гьедин байбихьизе ккана Украиналда спецоперация. Гьеб унеб буго жакъа къоялдаги», - абун.

Президентасул гьеб курс ккведлде буссараб митинги рагьун, гьес рагIи кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе. - Ассаламу гIалайкум, районалъул жамагIат, - ян байбихьана гьес кIалъай. «Салам лъеги нужеда улкаялъул бугеб ахIвал – хIалги бичIчIун гьанире ракIарарал. БахIарчиял гIадамазул район буго гьаб, хIалихьалъиялда - къадарлъиялда киданиги ракI рекъоларoан нилъер умумазул. Гьанир рахъана унго – унголъунги сундаго хIинкъи – къай гьечIел гIадамал, кIиго имам, ракълие гIоло къеркьохъаби. Жакъа нилъ, гьезул наслу рукIине ккола гьезул ирс босараллъул. Дун чIухIула гьаб районалдасаги гьелъул гIадамаздасаги!

Аслияб мурад жакъасеб митингалъул буго гIемераб заманаялъ гIазаб-гIакъуба хIехьарал Украинаялъул гIадамазул гьариялда рекъон Россиялъ ва гьелъул Президент В. В. Путиница бачунеб курсалъул рахъ кквей. БатIайисаги кин букIинеб, хIатталдаса араб гIазаб – зулмуялда гьорк, жидерго рахьдал мацI бицинеги гьукъун, пачалихъиял бигьалъабаздаса махIрумги гьарун, халкъазе саназ гIазаб кьолеб букIараб мехалъ. Гьеб кинабго гьабулеб букIана Россиялъе захIмалъизе, рес къотIуде гьеб ккезабизе, экономикаялъул рахъалъ нахъе ккезе. Гьедин байбихьизе ккана дунялго данде буссараб НАТОялде данде нилъеца рагъ. Дун чIухIула гьадинав Президент нилъер вукIиналдаса!

Нилъеда лъала кинаб гIумро нилъеца тIаса бищизе гьез тIалаб гьабулеб букIарабали; цо полалъул ригьналги, къадараб щиналъе нух кьейги. Бугищ гьединаб тIаса бищиялъул букIинесеб!?

Лъалеб букIахъе гьаб соналъул сентябрь моцIрол ахиралда, рескъотIуде ккедал лъазабуна Путиница частичнияб мобилизация, ай жиндирго халкъалде ахIи бана ВатIанги гьелъул эркенлъиги ккведе рахъа,-ян. Къеркьохъабазул наслу, нилъ гьединаб заманалда нахъегIан къан чIезе рекъон гьечIо. Мобилизациялъул хIалтIи хIинцго унеб буго нилъер районалда. Жакъа рагъулал ишазде унезе битIккейги гьарулаго, гьездасан мисал босизе хIажат буго районалъул гIолохъабазе»,- ян тIадчIей гьабуна хадубги бетIерас.

Митингалда кIалъазе вахъана районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров. Гьесги тIадчIей гьабуна 8 соналъ Украиналъул халкъалда тIад букIараб гIазаб-гIакъубаялда.

«27 сентябралда Президент В. Путинил




указалдалъун байбихьана улкаялда частичнияб мобилизация гьабизе. Мадугьалихъ бугеб гьеб ахIвал – хIал нилъехъеги бачIине рес буго дандечIей гьечIони. Гьединлъидал нилъерго эркенлъи цIунизе унеб буго жакъасеб мобилизация. Гьелъул рахъ ккезе ва ахIиялъе жаваб гьабизе ахIула дица жакъа гIолилал»,- ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

КIалъазе яхъана районалдаса рагъде арасул эбел Аминат МухIамадова. – Нужеда бичIчIулеб батила жакъа эбелалъул ракI. Бугониги дун цо рахъалъ йохун йиго дир вас ВатIан цIунизе иналдаса. Аллагьасде аманат гьавун тун вуго дица васги, гьединаб сабру гьарула дица цогидал эбелазеги,- ян абуна гьелъ.




Митингалда кIалъана чIахIиязул советалъул пред. М. МуртазгIалиевги. Гьес тIадчIей гьабуна: «Республикаго чIухIараб район буго нилъер, гьеб кидаго къеркьеязулъ нахъе къачIо ва гьанжесел гIолилазги инжит гьабизе бегьиларо.

Дир вас вукIана гьенив хъулухъ гьабулев, гьев гьабсагIат отпускаялъ вачIун росулъ вуго. Дун гьев улка цIуниялъулъ гIахьаллъиялдаса вохунги вуго.

Нилъер умумазул къо хIехьей хадусел гIелазулъги букIине ккола, умумазул нух рехугеян гьарилаан дица гIолеб гIелалда» - ян бихьизабуна гьес хадубги.

Митингалда рагъул темаялда кучIдул ахIана ва цIалана цIалдохъабаз ва культураялъул хIалтIухъаналъ.

Хадубги ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна Украиналде аразда, Баркалаялъул кагътал ва гIарцулал сайигъатал кьуна МуртазгIалиевасе ва М. ГIабдулаевасе, киналго ахIана улкаялда унел кутакал ишазулъ гIахьаллъизе ва улка кинабго рахъалъ цIуниялъе къеркьолев В. В. Путинил рахъ ккезе.

**Хъвана С. КъебедмухIамадовалъ**



Ахихъан
Районалъул газета
№ 41 (75445)
Хамиз
20 октябрь 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район, Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie

### РЕШЕНИЕ
**о внесении изменений в Положение одеятельности Комиссии по делам несовершеннолетних и защите их правпри администрации МО«Унцукульский район»**
**Принято Собранием депутатов 14 сентября 2022 года №32**

В целях приведения решения Собрания депутатов муниципального района от29 декабря 2016 г. № 14 «Об утверждении Положения о деятельности Комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав при администрации МО «Унцукульский район» в соответствие с Законом Республики Дагестан от 12 февраля 2013 года №«О комиссиях по делам несовершеннолетних и защите их прав в Республике Дагестан»,Собрание депутатов

**РЕШАЕТ:**

1.Внести изменения в Положение одеятельности Комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав при администрации МО «Унцукульский район», в следующие пункты в соответствии с Законом Республики Дагестан «О Комиссиях по делам несовершеннолетних и защите их прав в Республике Дагестан»:
а)пункт 6 дополнить абзацами следующего содержания: «д) социально-педагогической реабилитации несовершеннолетних, находящихся в социально опасном положении;
е) выявлению и пресечению случаев вовлечения несовершеннолетних в совершение преступлений, других противоправных и (или) антиобщественных действий, а также случаев склонения их к суицидальным действиям;
ж) проведению информационно-пропагандистских мероприятий по разъяснению сущности терроризма и его общественной опасности, а также по формированию у несовершеннолетних непринятия идеологии терроризма.»;
б) абзац 22 пп.«в» п. 7 дополнить абзацем следующего содержания: « в пределах своей компетенции принимают участие в мероприятиях по профилактике терроризма среди несовершеннолетних;».

2.МБУ «Единая информационная служба» (Мусаев О.А.) опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте муниципального образования «Унцукульский район» в сети «Интернет».

Председатель Собрания ____________ М.Б.Юсупов
Глава муниципального района _____________И.М.Нурмагомедов

### РЕШЕНИЕ
**Об отмене решения Собрания депутатов МР «Унцукульский район» от 24 марта 2022 г. № 22 «Об утверждении порядка проведения конкурсов и(или) аукционов на право заключения договоров, методики расчета и величины базовой ставки арендной платы за пользование нежилыми муниципальными помещениями, находящимися в собственности МО «Унцукульский район»**
**Принято Собранием депутатов 14 сентября 2022 года №34**

В целях приведения Порядка проведения конкурсов и (или) аукционов на право заключения договоров, методики расчета и величины базовой ставки арендной платы за пользование нежилыми муниципальными помещениями, находящимися в собственности МО «Унцукульский район» в соответствие с Федеральным законом от 26 июля 2006 г. №135-ФЗ «О защите конкуренции», Приказом Федеральной антимонопольной службы России от 10 февраля 2010 № 67 «Об утверждении Порядка проведения конкурсов или аукционов на право заключения договоров аренды, договоров безвозмездного пользования, договоров доверительного управления имуществом, иных договоров, предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, и перечень видов имущества, в отношении которого заключение указанных договоров может осуществляться путем проведения торгов в форме конкурса»», Приказом Министерства строительства Российской Федерации от 14 сентября 1992 г. № 209 «Об утверждении Методики по определению уровня арендной платы за нежилые здания (помещения)» и во исполнении заключения Министерства юстиции Республики Дагестан от 10 июня 2022 № 19-02,3-16646/22, Собрание депутатов муниципального района.

**РЕШАЕТ:**

1.Отменить решение Собрания депутатов МР «Унцукульский район» от 24 марта 2022 г. № 22 «Об утверждении порядка проведения конкурсов и (или) аукционов на право заключения договоров, методики расчета и величины базовой ставки арендной платы за пользование нежилыми муниципальными помещениями, находящимися в собственности МО «Унцукульский район».

2.МБУ «Единая информационная служба» (Мусаев О.А.) опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте муниципального образования «Унцукульский район» в сети «Интернет».

**Председатель Собрания__________М.Б.Юсупов Глава муниципального района _________И.М.Нурмагомедов**

### РЕШЕНИЕ
**Об утверждении Положения о порядке установления, взимания и использования платы, взимаемой с родителей (законных представителей) за присмотр и уход за детьми, осваивающими образовательные программы дошкольного образования в муниципальных образовательных организациях Унцукульского района**

**Принято Собранием депутатов 14 сентября 2022 года №36**

В соответствии с Федеральным законом от 06 октября 2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федеральным законом от 29 декабря 2012 № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации», Указом Главы Республики Дагестан от 09 июня 2022 № 129 «О дополнительных мерах поддержки семей военнослужащих и сотрудников некоторых федеральных государственных органов», Уставом муниципального образования «Унцукульский район», Собрание депутатов

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить Положение о порядке установления, взимания и использования платы, взимаемой с родителей (законных представителей) за присмотр и уход за детьми, осваивающими образовательные программы дошкольного образования в муниципальных образовательных организациях Унцукульского района (прилагается).
2. Признать утратившими силу решение Собрания депутатов МР «Унцукульский район» от 14 мая 2009 года №93 «Об утверждении Положения о порядке взимания родительской платы за содержание детей в муниципальных дошкольных образовательных учреждениях».
3.МКУ «Отдел образования» МО «Унцукульский район» (Магомедов М.Х.) довести настоящее решение до руководителей дошкольных образовательных учреждений района.
4.МБУ «Единая информационная служба» (Мусаев О.А.) опубликовать настоящее Решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте муниципального образования «Унцукульский район» в сети «Интернет».
5.Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

Председатель Собрания __________М.Б.Юсупов
Глава муниципального района _____________И.М.Нурмагомедов

ДандчIвай

# Шапакъат кьуна

Дагьаб цебеГIан Унсоколо районалда кIодо гьабураб учителасул Къоялда хурхун гьал къоязда букIана мисалияй учительница – пенсионер, гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим МухIамадова Зоя Дмитревнаялъе шапакъат кьеялде буссараб дандчIвай. Администрациялде ракIарун рукIана муниципалитеталъул педагогазул цолъиялъул вакилзаби. Гьениб рохалилаб ахIвал – хIалалда РДялъул пачалихъалъул Думаялъул депутатасул кумекчи К. А. ГIумахановас З. Дмитревналъухъе кьуна Д. Н. ХIасановасул рахъалдасан Баркалаялъул кагъат.



Ахиралда муниципалитеталъул нухмалъулев Г. НурмухIамадовас ракI – ракIалъ баркана гьелда шапакъат.

# Хъизаназухъе щвана



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун районалда гIуцIун буго «Ниж нужгун руго»,- абураб центр. Гьелъул аслияб мурад буго рагъулал ишазде аразул хъизаназе кумек гьаби.

Гьал къоязда штабалъул членазул къокъа щвана районалдаса Украиналъул рагъулал ишазда гIахьаллъулезул хъизаназухъе. Щибаб хъизаналъе кьуна 7000 гъурущалде росарал продуктабазул наборал. Гьединго лъазаруна гьел хъизаназул захIмалъаби ва хIажалъаби.

# РакI-ракIалъулаб баркала

**Ассаламу гIалайкум!**

Бокьун буго дир рахъалдасан ва МухIамадгIалил гIагарлъиялъул рахъалдасан баркала кьезе Унсоколо маданияталъул отделалъул тIолабго коллективалъе, Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъул коллективалъе ва кинабго ансадерил жамагIаталъе, дир вац МухIамадгIали ахираталъул рокъове тIовитIизе гьабураб кумекалъухъ (гIахьаллъиялъухъ) ва нижер пашманлъи бикьаралъухъ. Гьесие хоб бухъи букIа, дугIа-алхIам гьаби букIа, гьесул хIакъалъулъ лъикIаб рагIи бицин букIа, кинабго нужер гьабураб Аллагьас азарго даражаялде бахинабеги, Аллагьас нужер гIибадат ва лъикIаб пиша къабул гьабеги. Аллагьас нуж балагьаздаса цIунун, рохалида таги! Щулияб сахлъи ва халатаб гIумро гьарула нужее киназего нижеца.

**ГIабдулаев МухIамад Бадиевич**

## Разъяснение о работе страховых представителей всех уровней, в т.ч. по информированию и сопровождению застрахованных лиц при оказании мед. помощи при онкологических и сердечно-сосудистых заболеваниях, проводимых контрольно-экспертных мероприятиях, направленных на защиту прав пациентов.

Страховой представитель - это сотрудник страховой медицинской организации (СМО), представляющий интересы застрахованных лиц.

Основная задача страховых представителей - это защита прав и законных интересов застрахованных лиц в сфере ОМС. А также обеспечение информационного сопровождения застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи, в том числе при прохождении профилактических мероприятий.

Страховой представитель предоставляет справочную информацию по устным обращениям застрахованных лиц и рассматривает жалобы по вопросам обязательного медицинского страхования. Работа страховых представителей организуется страховой медицинской организацией по трем уровням.

На сегодняшний день в Дагестане численность страховых представителей страховых медицинских организаций составляет 78 специалистов: 25 - СП 1 уровня, 28 - СП 2 уровня, 25 - СП 3 уровня.

Страховые представители 1 уровня проходят обучение на базе СМО по специально разработанным программам с получением подтверждающего документа. Специалист осуществляет информационное сопровождение застрахованных граждан при оказании им медицинской помощи, в том числе профилактических мероприятий, а также защиту их прав и законных интересов в сфере ОМС.

Страховые представители 2 уровня проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа. Специалист-эксперт СМО или эксперт качества медицинской помощи, деятельность которого направлена на работу с письменными обращениями застрахованных лиц, включая организацию экспертизы качества оказанной им медицинской помощи, а также на сопровождение застрахованных лиц при организации оказания медицинской помощи по результатам диспансеризации.

Страховые представители 3 уровня проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа. Страховой представитель 3 уровня ведет информационную работу о необходимости своевременного обращения в медицинские организации в целях формирования у застрахованных лиц приверженности к здоровому образу жизни, сохранению здоровья.

Кроме того, в ряде медицинских организаций республики установлены телефоны прямой связи со страховым представителем, по которому граждане могут бесплатно позвонить и связаться со страховым представителем для получения консультативной помощи.

Особенно пристальное внимание уделено сопровождению пациентов с онкологическими заболеваниями. В новых правилах появилась норма о формировании страховыми медицинскими организациями на информационном портале территориальных фондов ОМС истории страховых случаев пациентов с подозрением на злокачественное новообразование или с подтвержденными ЗНО. Таким образом, создаётся база информационных данных для быстрой оценки места и времени нахождения пациента на этапах диагностики и лечения. Это даст возможность СМО оперативно восстанавливать нарушенные права пациентов, а также контролировать ход лечения. страховые представители III уровня осуществляют контроль качества медицинской помощи, предоставляемой пациентам со злокачественными новообразованиями. В их функции входят: контроль своевременности оказания медицинской помощи с момента подозрения и диагностики злокачественного новообразования до момента предоставления специализированной, в том числе, высокотехнологичной медицинской помощи, а также при проведении диспансерного наблюдения и в случаях обострения онкологического заболевания; контроль соответствия стадии онкологического заболевания выбранному медицинской организацией методу лечения; контроль степени достижения запланированного результата при проведении химиотерапии (в том числе, дорогостоящими таргетными препаратами); индивидуальное информационное сопровождение застрахованных лиц с онкологическими заболеваниями. Те же действия осуществляются и в отношении больных с сердечно – сосудистой патологией.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 22.10.2022 г. 16.40<br>фактически -17. 25 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |